

EDE NOU SÈVI OU PI BYEN

Ki enfòmasyon n ap chèche?

Lopital nan tout New York pral poze kesyon sou laj, sèks, gwoup etnik, ras, adrès, vil, eta ak kòd postal pou asire pasyan yo ap resevwa bon swen ki gen pi bon kalite.

Poukisa y ap poze kesyon yo?

Nou ka satisfè bezwen kominote n ap sèvi yo pi byen si nou konnen plis bagay sou pasyan nou yo, kilti yo ak lang yo. Yo pral itilize enfòmasyon sa a sèlman pou asire tout pasyan ap resevwa pi bon swen ki posib.



Èske y ap poze kesyon sa yo nan lòt lopital?

Wi. Gen nouvo règleman eta a ki mande pou tout lopital nan New York kolekte enfòmasyon sa yo. N ap kolekte enfòmasyon sa yo nan kad yon efò nan tout eta a pou amelyore sante tout moun.



Kijan yo pral itilize enfòmasyon sa yo?

Nou pral sèvi ak enfòmasyon nou kolekte nan men tout pasyan pou asire nou konprann bezwen popilasyon n ap sèvi yo ak pou asire moun yo jwenn swen ki apwopriye sou plan kiltirèl.

Objektif nou se satisfè bezwen tout pasyan n ap sèvi yo. Nou ka reyalize objektif sa grasa sèvis entèprèt nou bay, enfòmasyon nou ofri pasyan ki tradui nan divès lang, ak si nou asire estaf nou bay swen ki apwopriye sou plan kiltirèl.

E si ou pa vle pataje enfòmasyon sa yo?

Desizyon pou pataje enfòmasyon sa yo se nan men w li ye. N ap kolekte yo sèlman pou ede nou sèvi ou pi byen.

